



KOMINOTE AYISYEN PA TWOKE DLO POU LÒ

Jounen Mondyal Dlo, Klinik Jistis Global Ansanm ak Kominote Afekte nan Aktivite Min Defann Dwa Dlo

(Nouyòk, 22 mas, 2018)— Nou paka mande abitan Ayisyen nan kominote riral yo pou twoke dlo pou lò, se sa Klinik Jistis Global di jodi a. Klinik la ap kolabore ak syantis Ameriken, Kolektif Jistis Min, ak abitan kominote yo pou reyalize yon etid sou dwa dlo nan kominote nan Nò peyi a. Etid la, k ap fèt nan kominote ki chita sou yon pèmi pou eksplwatasyon lò ki toupre Okap, ap jenere done sou reyalite dwa dlo. Etid la itilize tèl laboratwa ak mezi tèren ki montre kalite dlo abitan yo itilize ak konsome, yon analiz sou nap freyatik la, epi rezilta yon kesyonè sou kouman moun yo sèvi ak dlo epi lòt enfòmasyon sou reyalite dlo y ap viv chak jou. Pèmi lò a, ki gen plis pase de douzèn kominote anndan l, se yon nan sèl twa pèmi eksplwatasyon min lò gouvènman an gentan bay. Jiska prezan, konpayi yo poko konstwi yon min modèn an Ayiti.

Nan yon sèl jou, yon konpayi k ap eksplwate lò itilize kantite dlo ki ta ka sèvi yon fanmi peyizan pou plis pase 20 lane. Li byen rekonèt aktivite min, sitou min lò, kwiv, ak lòt metal, pa sèlman itilize anpil dlo, men li konn kontamine dlo tou. Konpayi yo oblije izole dlo kontamine epi trete li pou asire li pa kontamine dlo sifas ak dlo anba tè, ki nomalman se abitan yo bwè. Souvan, kominote sibi enpak aktivite min endistryèl ak dega yo, epi yo pa ka pwouve se konpayi min ki responsab pou kontaminasyon oubyen pou diminye kantite dlo paske yo pa genyen done nan men yo ki montre kouman sityasyon dlo a te ye avan aktivite min komanse.

Mwens pase mwatye popilasyon riral an Ayiti gen aksè bon dlo pou bwè—menm san aktivite min endistryèl. Otorite leta ki gen devwa asire pi bon aksè dlo pou bwè epi pwoteje anviwònman anfas obstak finansman ak resous an jeneral. Biwo Min ak Eneji (BME), responsab pou kontwole sektè min nan, di li pa ka fè travay li san sipò konpayi yo pou fasilite li. Pa genyen ni youn etid enpak anviwònmantal ki rive nan men piblik la. Biwo Nasyonal Evalyasyon Anviwònmantal (BNEE) di yo poko jwenn okenn etid sou enpak potansyèl aktivite min lò. Dapre konvansyon minyè ki se yon akò ant konpayi ak gouvènman, li ekzije konpayi soumèt etid enpak anviwònmantal avan li jwenn pèmi pou konstwi yon min. Genyen twa pèmi ki pemèt konpayi konstwi min lò nan peyi a.

Malgre feblès enstitisyonèl yo, gouvènman Dayiti ap toujou chache investisman, epi li klewone sektè min nesesè pou ekonomi peyi a grandi. Jounen jodi a, yon nouvo lwa min ki fè t nan men gouvènman ansanm ak Bank Mondyal devan Palman. Li poko pibliye pou sosyete sivil bay komantè sou li. Si li pase, obsevatè yo kwè l ap detwi baryè aktyèl yo epi fasilite Ayiti devlope premye min lò endistryèl.

Etid dwa dlo, ki pral konkli nan fen ane 2018, pral bay abitan kominote ak tout Ayisyen done itil pou ankouraje ak defann dwa dlo nou. Abitan nan zòn etid la deja pase plizyè santèn èdtan ap mache anba solèy cho pou reyalize resansman kay ak pwenn dlo, angaje nan aktivite edikasyon popilè sou enpak potansyèl aktivite min, epi pou fasilite ekip syantis, avoka dwa moun, ak etidyan dwa jenere enfòmasyon ak done.

Kominikasyon sa pa reprezante opinyon Inivèsite Nouyòk.

Pou plis enfòmasyon, nou met kontakte:

Ellie Happel, Klinik Jistis Global (Kreyòl, Angle, Español), ellie.happel@nyu.edu; 206-816-0544

Margaret Satterthwaite, Klinik Jistis Global (Angle, Franse, Kreyòl), margaret.satterthwaite@nyu.edu; 347-277-5035 & 212-998-6100

Pou plis enfòmasyon sou risk dwa moun ak anviwònman aktivite min poze, ou met gade [Byen Konte Mal Kalkile: Risk Dwa Moun ak Anviwònman Min Lò an Ayiti](#) ki an Franse. Pou yon rezime an Kreyòl, ou met gade [isit](#).

Klinik Jistis Global, Fakilte Dwa Inivèsite New York

Klinik Jistis Global, Fakilte Dwa Inivèsite New York bay sèvis avoka pwofesyonèl endividyèl ak òganizasyon, atravè kolaborasyon ak gwoup Ozetazini ak gwoup etranje. Nan travay li tankou konseye legal, avoka, oubyen patnè pledwaye, etidyan Klinik la travay ansanm ak militan dwa moun ki soti plizyè peyi. Klinik la komanse travay sou tematik dwa moun an Ayiti depi li kòmanse.